

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa salah sahiji sarana pikeun ngawujudkeun hasil imajinasi pangarang kana gejala-gejala sosial di sabudereunana. Ku kituna kamekaran karya sastra téh dipangaruhan ku jaman jeung lingkunganana. Lian ti éta karya sastra tangtuna méré pangaweruh ngeunaan rupa-rupa hal anu teu dipikanyaho ku pamaca. Loba pangarang anu nyaritakeun carita nu mangrupa bagian tina tradisi jeung adat-istiadat masarakatna.

Karya sastra kabagi jadi tilu wanda nyaéta prosa, puisi jeung drama. Anapon dina ieu panalungtikan karya nu dipaluruh nyaéta karya sastra dina wangun prosa. Karya sastra prosa nyaéta karangan tina rakitan basa sapopoé, tanpa ngolah atawa ngatur intonasi anu matok. Prosa ogé dibagi deui jadi dua nyaéta prosa heubeul jeung prosa anyar (Isnendes, 2010, kc. 25).

Prosa heubeul mangrupa karya sastra nu can meunang pangaruh tina sastra atawa kabudayaan Barat, anu kaasup kana prosa heubeul nyaéta hikayat, sajarah, dongéng, fabél, jsb. Anapon prosa anyar nyaéta karangan prosa anu muncul sanggeus meunang pangaruh tina sastra atawa budaya Barat, anu kaasup prosa anyar nyaéta roman, novél, carpon, biografi, jsb.

Novél, carpon, puisi, drama, atawa pilem miboga fungsi karya sastra minangka sarana hiburan jeung pendidikan. Isnendes (2010, kc. 10) nétélakeun yén sastra téh minangka prosés kreatif nu mangrupa éksprésitas pangarang dina ngagelarkeun karyana. Salah sahiji karya nu diciptakeun tina carita kahirupan nyaéta novél.

Novél minangka salah sahiji ragam karya sastra anu sipatna naratif, nembongkeun perilaku atau tindakan, dialog, konflik, jeung rupa-rupa kajadian dina éta novél nu dilakukeun ku tokohna. Novél ogé mangrupa karya sastra anu matak ngirut masarakat, ieu hal dibuktikeun ku masih lobana novél nu diterbitkeun di masarakat.

Salian ti novél, pilem ogé bisa ngagambarkeun carita kahirupan ngaliwatan wangun visual. Pilem teu saukur bisa dibaca jeung didéngékeun, tapi ogé dilalajoanan jadi gampang dipikapaham. Ku kituna, pilem mangaruhan pola pikir panongton tina carita nu ditepikeunana.

Médium novél jeung pilem tangtuna béda. Lamun dibandingkeun, dina pilem relatif loba unsur lambangna, lantaran pilem mangrupa alat pikeun nepikeunana. Anapon novél ngalambangkeun hiji kahirupan anu dijelaskeun sajéntréna dina wangun tinulis sarta miboga jumlah kaca nu loba, béda jeung pilem anu mikabutuh waktu samporét pikeun nepikeunana (Armiati, 2018, kc. 302).

Salah sahiji conto novél jeung pilem anu bisa dibandingkeun téh nyaéta novél *Pipisahan* karya RAF jeung pilem *Athirah* karya Riri Riza. Ku sabab, novél *Pipisahan* ieu mangrupa salah sahiji novél nu dipikawanoh ku masarakat Sunda, contona loba sakola-sakola anu nugaskeun siswana pikeun ngarésénsi éta novél. Salian ti éta, RAF atau Rachmatullah Ading Affandie minangka sastrawan anu produktif dina ngagelarkeun karya-karyana.

Salian ti éta Riri Riza minangka sutradara pilem *Athirah* tangtuna kaasup sutradara anu motekar, katiten tina karya-karyana ogé salah sahiji pilemna nyaéta *Athirah* anu meunangkeun sababaraha penghargaan. Ieu hal nuduhkeun yén pilem ieu miboga kualitas nu alus di masarakat.

Aya bab-bab anu matak ngirut dina dua karya sastra éta, nyaéta ayana sasaruana anu jadi dadasar pikeun dibandingkeun. Salian ti sasaruana, tangtuna aya ogé bébédaan tina dua karya sastra éta. Bédana perjuangan tokoh utama nu digambarkeun ku dua pangarang, éta hal dipangaruhan ku kasang tukang budaya nu béda. Novél *Pipisahan* asalna ti Sunda Jawa Barat, sedengkeun pilem *Athirah* asalna ti Makassar.

Novél *Pipisahan* ieu matak ngirut pikeun ditalungtik tur dibandingkeun jeung karya sastra séjénna ku sabab ngagambarkeun *perjuangan* wanoja dina kahirupan rumah tangga jaman éta. Dina pilem *Athirah* ogé miboga gurat badag carita anu ampir sarua, nyaéta *perjuangan* kahirupan rumah tangga hiji wanoja pikeun kahirupan anak-anakna.

Pikeun nyurahan éta hal, tangtuna perlu pakakas pikeun mesék hiji karya sastra sangkan bisa napsirkeun karya sastra luyu jeung tiori-tiori karya sastra. Damono (dina Koswara, 2007, kc. 10) nétélakeun yén karya sastra diciptakeun ku pangarang pikeun dirasakeun, dipikapaham jeung mangpaat keur masarakat, Ku kituna, pikeun maham eusi jeung maksudna karya sastra kudu dianalisis.

Analisis dina panalungtikan nu cocog nyaéta analisis strukturalisme, nyaéta ngadékrupsikeun unsur-unsur strukturalisme dina karya sastra hususna novél. Unsur-unsur pangwangun struktur dibagi jadi téma, fakta carita (galur, palaku, jeung latar), sarana carita (sudut pandang, gaya basa, nada/suasana, jeung judul), jeung amanat (Stanton, 2012, kc. 22-61). Ulikan struktural miboga tujuan pikeun neuleuman sarta ngajelaskeun sacara gemet sakabéh unsur karya sastra anu aya pakaitna nepi ka ngahasilkeun makna.

Salian ti ngagunakeun ulikan strukturalisme, panalungtikan ieu ogé ngagunakeun élmu sastra bandingan. *Comparative literature* atawa *la litterature comparee* mangrupa istilah séjén tina sastra bandingan. Damono (2009, kc. 1-2) nétélakeun salah sahiji élmu anu teu ngahasilkeun tiori sorangan nyaéta élmu sastra bandingan. Endaswara (2013, kc. 128) ogé nétélakeun yén sastra bandingan nyaéta daérah sastra anu medar hubungan hiji karya sastra jeung bidang sastra séjénna. Stallknecht jeung Frenz dina (Juliani, 2018, kc. 4) ogé nétélakeun yén sastra bandingan nyaéta kajian sastra anu bisa numuwuhkeun penghayatan panalungtik.

Nurutkeun Ruhaliah (2019, kc. 7) sastra bandingan mangrupa hiji tarékah pikeun ngabandingkeun dua karya sastra atwa leuwih, anu teu saukur ngawengku hiji widang kajian tapi mangrupa sawangan anu gembleng mheumaam sastra, budaya, ékologi kamanusaan, hiji sawangan ngeunaan semesta budaya nu dalit ngahiji.

Panalungtikan ieu ngagunakeun tiori bandingan afinitas atawa *affinity* pikeun ngébréhkeun hiji *perjuangan* wanoja sangkan meunangkeun bébédaan jeung sasaruana bentuk *perjuangan* wanoja. Saluyu jeung pamadegan Nurgiyantoro (2007) yén kagiatan analisis dilakukeun ku cara ngaidentifikasi, ngulik, jeung ngajelaskeun unsur-unsur atawa motif-motif nu aya dina dua karya

sastra. Ku kituna analisis anu dianggap cocog pikeun ieu panalungtikan téh nyaéta analisis struktural.

Nilik kana pasualan di luhur, tangtu perlu ayana panalungtikan satuluyna boh ngeunaan wanoja, boh ngeunaan karya sastra wangun novél, anu leuwih nyosok jero kana babandingan novél jeung pilem. Panalungtikan saméméhna ngeunaan sastra bandingan tangtu geus loba diantarana “Babandingan Dongéng Nyi Sarikingkin Karya TB Djajadilaga jeung Ashputtel Karya Jacob Grimm (Ulikan Struktural jeung Sastra Bandingan)” meunang Ernawati (2021), “Babandingan Citra Wanoja dina Novél *Puputon* Karya Aam Amilia jeung Novél *Surga Yang Tak Dirindukan* Karya Asma Nadia (Ulikan Struktural jeung Féminisme)” meunang Laxmidiah (2021) “Babandingan Dongéng Sang Raja Putri Sareng Sadérékna Duawelas Karya Lasminingrat, “The Twelve Brothers”, jeung “Dua Belas Bersaudara” Karya Jacob Grimm (Ulikan Struktural jeung Sastra Bandingan)” meunang Santiah (2021), “Ékranisasi Novél *Sanggeus Halimun Peuray* Karya Aam Amilia kana Pilem *Halimun* Karya Sofia W.D” meunang Widya (2020), “Perbandingan Struktur Novel *Norwei No Mori* dan Film *Norwei No Mori (ノルウェイの森)*” meunang Fadlan (2017), “Film dan Novel *Dear Nathan* Karya Erik Febrian dalam Perspektif Sastra Bandingan” meunang Irpa Anggriani Wiharja, Hendri Hendriyan Al Gardi (2020), “Ekranisasi Novel ke dalam Film *Matt And Mou* Karya Wulanfadi: Sebuah Kajian Sastra Bandingan meunang Citraria (2021).

Patali jeung éta hal, tujuan diayakeunana ieu panalungtikan nyaéta méré pangaweruh ngeunaan *perjuangan* wanoja dina novél *Pipisahan* karya RAF jeung pilem *Athirah* karya Riri Riza. Fokus umum éta bisa dirumuskeun kana opat hal nyaéta struktur carita novél *Pipisahan*, struktur carita pilem *Athirah*, babandingan novél *Pipisahan* jeung pilem *Athirah*, jeung motif indéks dina novél *Pipisahan* jeung pilem *Athirah*.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, aya sababaraha rumusan masalah anu nyampak dina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita novél *Pipisahan*?

- 2) Kumaha struktur carita pilem *Athirah*?
- 3) Kumaha babandingan novél *Pipisahan* jeung pilem *Athirah*?
- 4) Naon waé motif indéks nu kasampak dina novél *Pipisahan* jeung pilem *Athirah*?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung masalah anu dipedar, ieu panalungtikan ngabogaan tujuan anu baris dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikawanoh leuwih jero ngeunaan babandingan struktur novél *Pipisahan* jeung pilem *Athirah*.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita novél *Pipisahan*;
- 2) struktur carita pilem *Athirah*;
- 3) babandingan novél *Pipisahan* jeung pilem *Athirah*;
- 4) motif indéks nu kasampak dina novél *Pipisahan* jeung pilem *Athirah*.

### **1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Téoritis**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan babandingan struktur carita dina kabudayaan Sunda hususna jeung Kabudayaan Makassar sacara umumna.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Aya ogé mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) hasil tina ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun panalungtikan nu séjénna;
- 2) hasil tina ieu panalungtikan bisa ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan sastra heubeul;

- 3) hasil tina ieu panalungtikan bisa ngalatih prosés mikir ilmiah; jeung
- 4) hasil tina ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kabeungharan ulikan ngeunaan ulikan struktural jeung sastra bandingan.

### **1.5 Raraga Tulisan**

BAB I Bubuka, dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, dina ieu bab dipedar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan, eusina medar leuwih jero ngeunaan novél, pilem, unsur struktural (téma, galur, tokoh, jeung latar) dina novél jeung pilem, babandingan dina novél jeung pilem, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori, jeung raraga mikir.

BAB III Méthode Panalungtikan, dina ieu bab dipedar ngeunaan métodologi panalungtikan anu dipaké dina panalungtikan. Dina ieu bab ogé dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumen panalungtikan, jeung léngkah-léngkah panalungtikan.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, dina ieu bab dipedar sagemblengna hasil tina analisis panalungtikan nu dilaksanakeun. Ieu bab medar ngeunaan struktur carita (téma, galur, tokoh, jeung latar) dina novél jeung pilem, sasaruana jeung bébédaan struktur carita (téma, galur, tokoh, jeung latar) dina novél jeung pilem,

BAB V Kacindekan, Impikasi, jeung Rékoméndasi, ieu bab mangrupa bagian pamungkas tina skripsi, nu eusina nyaéta kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi. Eusi tina kacindekan nyaéta ringkesan tina sakabéh hasil panalungtikan. Lian ti éta, aya implikasi jeung rékoméndasi nu ditepikeun ku panulis keur nu maca sangkan panalungtikan kahareupna bisa leuwih hadé.